

Clinical Coordinating Center
Massachusetts General Hospital
55 Fruit Street, 5LON207
Boston, MA 02114

Data Coordinating Center
Massachusetts General Hospital
165 Cambridge Street Suite 400
Boston, MA 02114

Pitavastatin pou Anpeche Maladi Kadyovaskilè kay Moun k ap Viv ak VIH

[Pibliye nan NEJM, 2023](#)

Enfòmasyon Jeneral

Risk pou maladi kè pi wo pou moun k ap viv ak VIH (people with HIV, PWH), avèk tou pami moun ki pi jèn ki gen risk yo predi pou maladi kè ki pi ba. Chèchè yo pa fin twò konprann poukisa risk sa a pi wo, men yo panse sa ka gen rapò ak toude faktè risk maladi kè tradisyonèl yo, tankou fimèn, ak faktè ki gen rapò ak VIH, tankou enflamasyon. Byenke yo konsidere VIH kòm faktè ki ogmante risk pou maladi kè, jiskaprezan pa gen okenn tretman yo pwouve ki anpeche maladi kè kay PWH yo.

Objektif Etid la

Esè Aleyatwa pou Anpeche Evènman Vaskilè nan VIH (Randomized Trial to Prevent Vascular Events in HIV, REPRIEVE) te kreye pou adrese ogmantasyon risk pou maladi kè ke PWH yo eksperimente. REPRIEVE te teste pitavastatin calcium (“pitavastatin”), yon medikaman statin ki kapab diminye (“move”) kolestewòl LDL la epi diminye enflamasyon nan kò a. Patisipan nan etid la se te PWH ki gen ant laj 40 ak 75 lane ki te gen risk tradisyonèl ba jiska modere pou maladi kè. Yo te deziyen owaza pou tout patisipan yo te pran swa pitavastatin oswa plasebo (yon pilil ki pa genyen okenn medikaman ladan l). Apresa yo te swiv patisipan yo pou detèmine si yo te sibi kritè prensipal la (evènman maladi kè majè, tankou lanmò akòz maladi kè, kriz kadyak ak estwòk) oswa nenpòt kritè segondè (lòt evènman maladi kè, lanmò ki se rezilta nenpòt kòz, ak evènman sekirite).

➤ Patisipan yo:

- 7,769 patisipan
 - 3,888 k ap pran pitavastatin; 3,881 k ap pran plasebo
 - 2,419 (31%) fanm
 - 5,065 (65%) ki pa blan
- Dire medyàn lan pou swivi: 5.1 lane
- Laj medyàn lan lè enskripsyon an: 50 lane

➤ Rezilta yo:

- To ensidans pou evènman maladi kè majè yo te diminye pa 35% pou patisipan ki t ap pran pitavastatin konpare ak plasebo.
- To ensidans pou evènman maladi kè majè oswa pou lanmò ki te rive poutèt kèlkeswa kòz la te diminye pa 21% pou patisipan ki t ap pran pitavastatin konpare ak plasebo.
- Pitavastatin te efikas kay toude, gason ak fanm yo.
- Pifò patisipan nan esè a te byen tolere pitavastatin e te gen yon ti kantite patisipan ki te sispann patisipe nan etid la bonè akòz evènman endezirab.

An Rezime: Pitavastatin te efikas nan diminye to evènman maladi kè pou PWH yo a yon risk tradisyonèl ba jiska modere pou maladi kè. REPRIEVE se premye esè k ap fèt sou yon gran echèl pou teste yon estrateji prevansyon pou maladi kè nan popilasyon sa a.

Sit Wèb Esey REPRIEVE: reprivetrial.org



MASSACHUSETTS
GENERAL HOSPITAL

Clinical Coordinating Center
Massachusetts General Hospital
55 Fruit Street, 5LON207
Boston, MA 02114

Data Coordinating Center
Massachusetts General Hospital
165 Cambridge Street Suite 400
Boston, MA 02114

Rezilta esè yo pral founi enfòmasyon pou direktiv pou anpeche maladi kè yo e yo pral ede klinisyen yo sipòte pi byen bezwen pou sante kè PWH yo.

Sit Wèb Esey REPRIEVE: reprivetrial.org

Les découvertes partagées nan rezime sa a sòti nan popilasyon REPRIEVE nan yon pwen espesifik nan tan. Yo pa gen lòt objektif pase dekri, e yo pa nan lide yo pou chanje swen klinik. Si ou gen kesyon sou sa ou te li, tanpri pale avèk manm nan ekip etid REPRIEVE nan sit lokal ou oswa yon founisè swen sante.